

BAB V

SARAN JEUNG KACINDEKAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan (1) kacindekan, (2) implikasi, jeung (3) rekoméndasi.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran ngeunaan kamampuh nulis warta Fase F kelas XI A SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2023/2024, ieu di handap mangrupa hasil kacindekana.

- a. Kamampuh nulis warta siswa Fase F XI A Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh ngalarapkeun modél *Numbered Head Together* (NHT) binarung média gambar peristiwa kagolong “sedeng” kalawan rata-rata peunteun nyaéta 62,77 tina $KKM \geq 75$. Dumasar kana aspék-aspékna, kamampuh nulis warta dina aspék judul warta, eusi warta (5W+1H), éjahan, diksi, jeung struktur aspék judul anu kawilang kurang. Aspék judul rata-rata peunteunna 12,35 kaasup kana kritéria “kurang”, aspék eusi (5W+1H) rata-rata peunteunna 13,44 kaasup kana kritéria “sedeng”, aspék éjahan rata-rata peunteunna 13,18 kaasup kana kritéria “sedeng”, aspék diksi rata-rata peunteunna 12,56 kaasup kana katégori “kurang”, jeung aspék struktur warta rata-rata peunteunna 12,85 kaasup kana katégori “kurang”
- b. Kamampuh nulis warta siswa Fase F XI A Bandung taun ajar 2023/2024 sabada ngalarapkeun modél *Numbered Head Together* (NHT) binarung média gambar peristiwa kagolong “Hadé” kalawan rata-rata peunteun nyaéta 83,11 tina $KKM \geq 75$. Kamampuh siswa dina nulis warta dumasar kana lima aspék nu peniléyan sakabéhna ngaronjat. Aspék judul rata-rata peunteunna 16,62 kaasup kana katégori “hadé”, aspék eusi warta rata-rata peunteunna 17,24 kaasup kana katégori “hadé”, aspék éjahan rata-rata peunteunna 16,71 kaasup kana katégori “hadé”, aspék diksi rata-rata peunteunna 16,56 kaasup kana katégori “hadé” sarta aspék struktur warta rata-rata peunteunna 18,47 kaasup kana katégori “hadé pisan”.
- c. Kamampuh nulis warta siswa Fase F Kelas XI A SMA Angkasa Bandung taun ajar 2023/2024 sanggeus dilarapkeun modél *Numbered Head Together* (NHT)

binarung média gambar téh ngaronjat. Ieu saluyu jeung hasil tina uji sipat data anu ngawengku uji normalitas jeung uji hipotésis. Dumasar kana hasil itungan uji normalitas *Shapiro-Wilk* data *pretest* ngahasilkeun niléy signifikansi (sig) 0,245 sedengkeun data *posttest* ngahasilkeun niléy signifikansi (sig) 0,00. Katitén yén hasil uji normalitas data *pretest* jeung *posttest* ngahasilkeun signifikansi $< 0,05$ anu hartina data dina ieu panalungtikan miboga distribusi teu normal. Salian ti éta, uji *non-parametrik* anu ngagunakeun uji *Wilcoxon* ngahasilkeun niléy *Asymp.Sig. (2-tailed)* 0,000 atawa *Asymp.Sig. (2-tailed)* $< 0,05$. Anu hartina, aya béda signifikan antara kamampuh nulis warta siswa Fase F XI A SMA Angkasa Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sabada ngalarapkeun modél *Numbered Head Together* (NHT) binarung média gambar. Kacindekanana, ieu modél *Numbered Head Together* (NHT) dibarung média gambar téh cocog jeung éféktif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis warta siswa fase F XI A SMA Angkasa Bandung taun ajar 2023/2024.

5.2 Implikasi

Modél *Numbered Head Together* (NHT) binarung média gambar dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis warta miboga implikasi yén ieu modél *Numbered Head Together* (NHT) binarung média gambar téh bisa ditarima ku siswa kalawan hadé. Larapna modél *Numbered Head Together* (NHT) dibarung média gambar téh dina pangajaran meredih siswa sangkan gawé bareng, ngalakukeun sawala pikeun nyusun warta saluyu jeung kaidah-kaidahna ngaliwatan pengamatan média gambar. Modél *Numbered Head Together* (NHT) binarung média gambar bakal méré inovasi pikeun ngaronjatkeun daya imajinasi sarta kréativitas siswa, matak ngirut jeung pikareseupeun. Ku ayana gambar bisa mantuan siswa dina nulis warta sangkan leuwih aktif, antusias jeung kréatif.

5.3 Rékomendasi

Tina ieu hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha rékomendasi sangkan panalungtikan anu satuluyna bisa leuwih hadé sarta kamajuan dina prosés diajar ngajar, diantarana saperti ieu di handap.

- a. Dumasar kana hasil panalungtikan ieu, modél *Numbered Head Together* (NHT) binarung média gambar téh cocog jeung éféktif digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis warta. Ku kituna, ieu modél *Numbered Head Together* (NHT) binarung média gambar bisa digunakeun ku guru pikeun pangajaran nulis warta.
- b. Ku sabab ieu panalungtikan ngan saukur ngagunakeun métodé kuasi ékspérimen, kudu aya deui panalungtikan anu bisa mekarkeun modél *Numbered Head Together* (NHT) jeung média gambar pikeun ngaronjatkeun pangajaran basa séjénna utamana dina pangajaran basa Sunda.